



LOJMAN SOSYAL: AN NOU DOUBLE EFÒ !

SE YON KRIZ...

KEBÈK AP VIV YON NAN PI GWO MANK LOJMAN A LOUE NAN ISTWA LI.


Lwa a pa pwoteje lokatè yo ase. Pwopriyetè yo ak kontremèt yo ap pwofite de sa. Kontremèt prive yo ap konstwi lojman ki chè anpil. Pwopriyetè yo itilize plizyè estrateji malonèt, tankou::

- ogmante lwaye yo nan yon fason abizif;
- met lokatè yo deyò pou lwe lojman yo pi chè.

Konsèkans la: pri lwaye yo ap ogmante byen vit. Nan mwa oktòb 2023, pri lwaye mwayen an te 1 022\$ nan Kebèk. Moun ki lwe yo ap kontinye viv nan lojman ki:

- twò chè,
- nan yon move eta,
- ki pa adapte ak bezwen yo.

Moun ki pi defavorize yo ka riske vin san kay.



gwoupman lojman a loue nan Kebèk

- Total lojman a loue (100%)
- Lojman a loue prive (89%)
- Lojman sosyal (11%)

LOJMAN SOSYAL PÈMET MOUN KI LOUE YO VIV PI BYEN, AVEC YON LWAYE VRÈMAN ABORDAB.

Kounye a, pou 100 lojman a loue, se sèlman 11 ki se lojman sosyal. Sa vle di, lojman sosyal la okipe sèlman 11% nan tout gwoupman lojman a loue yo. Sa a pa ase pou satisfè bezwen ki pi ijan yo. Li ta dwe gen omwen 20%. Pou rive la, kantite lojman sosyal yo dwe double. Dapre FRAPRU, ak lòt gwoup, objektif sa a dwe reyalize nan 15 an.

**SOLUTION
AN: DOUBLE
NOMBRE
LOJMAN
SOSYAL YO**

LOJMAN SOSYAL

Lojman sosyal la se pou kominote a. Objektif li se repon a bezwen lokatè yo, pa pou fè pwofi. Li finanse pa gouvènman a. Sa a pèmèt ke gen dé lwaye ki pi ba pase pri mache a. Lokatè ki pi pòv yo gen aksè ak yon lojman ki jwen ede avek yon sibvansyon. Yo pa peye plis pase 25% de kob yo touché a.

Gen twa gwo fòm lojman sosyal:

Gen twa gwo fòm lojman sosyal:

- KOPERATIV LOJMAN;
- ÒGANIZASYON SAN BI LICRATIF POU LOJMAN;
- LOJMAN PUBLIK, TANKOU HABITASYON A LOJMAN AK PRI MODIK.

Divesite sa a pèmèt reponn plizyè bezwen.

Pou plis enfòmasyon sou lojman sosyal ak kritè admisyon li yo:
www.frapru.qc.ca/logement-social

Nan Kebèk, 173 000 lokatè ap viv nan yon lojman ki twò chè, twò piti, oswa nan yon move eta. Revni mwayen yo se 1 765\$ pa mwa.

Avèk revni sa a, lwaye yon lojman ki sibi sibvansyon (ex.: HLM) ta dwe 442\$.

YON MEZI JISTIS SOSYAL

Plizyè etid demontre enpak pozitif lojman sosyal sou moun yo. Yon lojman estab, abòdab epi ki adapte ak bezwen li a ede sante ak byennèt moun la.

Lè yo peye mwens pou lojman, lokatè lojman sosyal yo kapab::

- manje pi byen,
- o abiye pi byen,
- o deplase,
- o oswa menm fè aktivite.

Lojman sosyal la ede moun yo rete nan zòn kote yo rété a nan katye yo.

Lojman sosyal la bay lojman ki adapte ak bezwen espesyal. Tankou pou fanmi, moun ki kap gen yon andikap, viktim vyolans domestik, ak moun ki pa gen kay.

Se konsa, lojman sosyal la amelyore kondisyon lavi yo diminye inegalite yo.

YON ENVESTISMAN POU SOCIÉTÉ A

Lojman sosyal la se yon estrateji ekonomik ki benefisye tout sosyete a.

Lè yo ofri lojman ki pi bon mache, li ralanti ogmantasyon lwaye mwayen an.

Li pèmèt nou konbat povrete, ede moun ki pa gen kay, e li amelyore sante. Sa diminye depans piblik ki lye ak sa yo.

Li pèmèt plis acha nan komès ak sèvis nan katye a. Se yon avantaj pou ekonomi lokal la.



MOVE SOLISYON

LOJMAN “ABÒDAB”

Gouvènman a souvan chwazi pou finanse lojman yo rele « abòdab ». Lojman sa yo pa toujou sosyal, ni menm vrèman abòdab! Lwaye yo souvan pwòch de sa ki nan mache prive a. Anplis, lè lojman yo se pwopriyetè prive, angajman yo se tanporè. Souvan, lwaye a pa rete abòdab pou yon bon bout tan.

SIBVANSYON

Sibvansyon yo bay sou mache prive ale jwenn pwopriyetè yo dirèkteman. Sibvansyon sa yo trè chè pou leta. Lajan sa a pèdi pou sosyete a. Yo dwe toujou renouvle, nan volonte pwopriyetè a. Si li refize renouvle li, lwaye a ap vin twò chè pou lokatè a. Li pap kapab peye, li pa ka kenbe lojman li.

Nan epòk mank lojman, plizyè pwopriyetè fè diskriminasyon kont moun ki gen revni ba. Se sa k fè li difisil pou jwenn lojman ak sibvansyon lwaye. Sibvansyon sa yo toujou gen enpòtans nan sitiyasyon ijans.

OGMANTE KANTITE LOJMAN

Pou reponn kriz la, gouvènman a pwopoze ogmante kantite lojman yo. Malerezman, yo pa pran an konsiderasyon pri lwaye yo.

Anpil lojman a loue te konstwi nan dènye ane yo. Lwaye nouvo konstriksyon yo trè wo. Sa pa respekte bidjè lokatè ki gen revni ba. Anplis, nouvo konstriksyon sa yo te patisipe nan ogmante lwaye yo nan menm sektè a.

MOVE
BON
LIDE

IMIGRASYON PA RESPONSAB POU KRIZ LOJMAN AN

KI MOUN
KI KOUPAB

Kèk elu eksplike kriz lojman an pa fot imigrasyon. Se yon estrateji pou detounen atansyon sou responsablite yo. **Rezon prensipal kriz lojman an se:**

- mank lojman sosyal,
- mank kontwòl sou mache lojman a loue prive a.

Akize moun imigran se mank jistis. Sitou paske yo fè pati lokatè ki pi mal lokalize nan Kebèk.

DE DYÈ LAJAN NESESÈ A

Double kantite lojman sosyal nan Kebèk sou yon period 15 an se posib. Gouvènman a dwe resevwa lajan nesèsè a, nan fè bon chwa nan bidjè a.

Tout lajan piblik ki pou lojman dwe finanse pati sosyal la, pa prive a. Sa a se yon bagay ki vre pou Ottawa, Kebèk epi tout lot vil yo.

Devlopman lojman sosyal la dwe planifié sou plizyè ane. Sa ka fèt pa nouvo konstriksyon ak akizisyon tou. Akizisyon an vle di transfòme lojman prive nan lojman sosyal.

PWOGRAM GOUVÈNMANTAL

Pou premye fwa nan 25 ane, pa gen okenn pwogram ki rezève pou lojman sosyal. Sa ralenti devlopman li. **Gouvènman Kebèk** la dwe korije sitiyasyon an vit. **Pwogram pèmanan ki byen finansye pou lojman sosyal la nesèsè.** Pwogram sa yo dwe:

adapte a reyalite lokal ak rejyonal;

garanti lojman ki bon kalite, aksesib epi ki adapte ak bidjè ak bezwen lokatè yo;

devlope lojman piblik, kooperativ ak lojman ki san bi licratif; ki pa pou peye.

Lokatè yo ak/oswa ogranizasyon kominotè yo dwe kapab patisipe nan lojman sa yo.

Sa a se vre tou nan devlopman yo ak jesyon yo.

REZÈVE TÈ POU LOJMAN SOSYAL

Tè pou devlope lojman sosyal yo ap vin pi ra. Se poutèt sa gouvènman federal, pwovensyal ak minisipal yo dwe:

- achte epi rezève tè ak batiman;
- kenbe tout tè piblik ki rezève yo pou lojman ak lojman sosyal.

Gouvènman a gen lòt mwayen pou aji (regleman, taks, prè).

KIJAN POU NOU DOUBLE LOJMAN
SOSYAL YO SOU YON PERIOD 15 AN?

**FRAPRU
BEZWE
OU!**



www.frapru.qc.ca



[FRAPRU.logement](https://www.facebook.com/FRAPRU.logement)



[frapru.logement](https://www.instagram.com/frapru.logement)

**KONTAKTE GWOUPE
LOKAL OU:**

Ou gen pwoblèm lojman sa sou kèw e ou
ta renmen kontribye? Leve vwa ou ak sa